

Rapò Konklizyon sou Règleman Kont Ki konsène plent ki gen awè ak Envestisman IFC nan CODEVI (#34687) an Ayiti

Oktòb 2023

REZIME

Rapò Konklizyon sa a dokimante pwosesis evalyasyon CAO ansanm ak règleman kont an relasyon ak yon plent ki gen awè ak yon pwojè IFC an Ayiti, epi li ofri kèk refleksyon ak leson nou aprann.

Nan mwa mas 2020, 174 fanmi kiltivatè nan Wanament, Ayiti ("Pleyan yo") te depoze yon plent bay CAO, ak sipò konseye legal yo. Plent lan esplike enkyetid Pleyan yo pa rapò ak konstriksyon Pak endistriyèl Zòn Franch *Compagnie Développement Industriel* (CODEVI) nan Wanament, Ayiti nan lane 2002 ki te lakoz moun yo te pèdi resous ki te pèmèt yo viv. CODEVI ("Konpayi an") se pou gwoup Dominiken an ki rele *Grupo M* a li ye a 100%, li menm ki se ansyen kliyan IFC. An avril 2020, CAO te detèmine ke plent lan akseptab paske l te ranpli twa kritè kalifikasyon li yo.

Pandan CAO t ap evalye plent lan, Pleyan yo ansanm ak Konpayi an ("Pati yo") te eksprime enterè pou yo angaje yo nan yon pwosesis règleman kont CAO te òganize epi yo te mande IFC ak Gouvènman Ayisyen an pou yo jwe wòl obsèvatè nan medyasyon an. IFC ansanm ak Gouvènman Ayisyen an te dakò pou yo patisipe kòm obsèvatè.

Malgre efò Pati yo te fè, pwosesis règleman kont lan te bout nan mwa me 2023 akòz dezakò yo kontinye sou règ debaz yo ansanm ak fason dyalòg la abòde. Sou demann Pleyan yo, yo transfere plent lan bay Fonksyon Konfòmite CAO a pou evalyasyon, selon jan Règleman CAO a mande sa.¹

SIKONSTANS EVÈNMAN YO

Pwojè a

Selon [Deklarasyon IFC](#), nan moman plent la te depoze nan CAO, IFC te gen yon pwojè aktif an Ayiti ak *Grupo M* ansanm ak filial eksklizif li ki se, CODEVI (nimewo pwojè IFC 34687). IFC te sipòte *Grupo M* nan lane 2004 ak yon prè pou \$20 milyon dola pou devlopman Zòn Franch pak endistriyèl CODEVI a epi mete sou pye premye izin fabrikasyon rad li nan pak la. Nan lane 2010, IFC te angaje yon lòt \$6 milyon dola pake finansman prè A ak B pou sipòte plis ekspansyon operasyon fabrikasyon *Grupo M* an Ayiti. Pwojè a te gen ladan yon prè de US \$10 milyon dola ki fèt nan lane 2014 pou sipòte pwogram ekspansyon CODEVI a, ki gen ladann konstriksyon yon nouvo batiman pou asanblaj rad fanm ak akizisyon machin

¹ Règleman CAO a disponib an anglè sou : <https://documents1.worldbank.org/curated/en/889191625065397617/pdf/IFC-MIGA-Independent-Accountability-Mechanism-CAO-Policy.pdf>.

espesyalize pou pwosesis asanblaj rad sèk ak lòt operasyon toujou. Pwojè a t ap dewoule ak devlopman de (2) nouvo bilding ki te bati sou yon teren andedan pak Endistriyèl Zòn Franch lan. Prè ki te fèt nan lane 2004 la te ranbouse nèt nan dat 29 septanm 2006, prè ki te fèt nan lane 2010 la te ranbouse jou ki te 8 out 2017, epi prè 2014 la te ranbouse nèt nan dat 6 jiyè 2021.

Dapre IFC, sipèfisi tè CODEVI okipe a se apeprè 45 ekta e CODEVI te jwenn yo atravè yon kontra lokasyon sou 25 lane ak gouvènman ayisyen an (ki reprezante pa Ministè Ekonomi ak Finans). IFC te fè konnen anvan yo te siyen kontra-lwaye sa a ak CODEVI nan lane 2003, Leta ayisyen te ekspwopriye 45 ekta yo nan men pwopriyetè ak okipan lokal ayisyen yo.

Anvan l te siyen akò prè a an 2004 ak CODEVI, IFC te mande kliyan a yo pou l devlope yon Plan Konpansasyon Sosyal (PCS *en franse*) ki konsistan avèk Règleman sou Re-enstalasyon Envolontè Bank Mondyal la, OD 4.30, ki te nòm aplikab nan epòk la. IFC te fè konnen objektif prensipal PCS a se pou konpanse kiltivatè ki afekte yo e ke mezi yo te konsantre sou restorasyon aktivite ekonomik ki afekte yo ansanm ak amelyore kalite lavi yo. IFC te fè konnen ke yo te sipòte preparasyon PCS sa a, ki gen ladan bay opinyon sou Tèm Referans yo pou konsiltan kalifye, e ke pandan sis ane ki ap vini apre yo, yo te sipòte aplikasyon plan an atravè konsèy teknik ak anpil vizit sipèvizyon.

Plent la

Nan mwa mas 2020, 174 fanmi kiltivatè nan Wanament, Ayiti, avèk sipò konseye legal yo, te depoze yon plent nan CAO. Plent lan souleve enkyetid pleyan yo genyen sou tè moun yo te genyen pou agrikilti ki te afekte akòz aktivite konstriksyon CODEVI nan Wanament apati lane 2002. Daprè pleyan yo, tè yo te pèdi a te afekte anpil mwayen pou yo viv, epi konpansasyon yo te resevwa 18 an avan nan men gouvènman ayisyen an ak nan men CODEVI pa t rive kouvri pèt sa yo. Anplis de sa, nan moman yo te depoze plent la bay CAO, Pleyan yo te deklare tou yo pa t resevwa tè ranplasman ke yo te pwomèt nan kad PCS la. Plenyan yo te deklare ke CODEVI pa t aplike pwogram ki te planifye nan kad PCS la e ke dwa ak pwoteksyon yo te vyole, menm jan sa a se vyolasyon Nòm Pèfòmans 5 IFC sou Akizasyon Tè ak Reenstalasyon Envolontè.

Evalyasyon CAO

An avril 2020, CAO te jwenn plent lan elijib e li te kòmanse yon evalyasyon pou klarifye pwoblèm ak enkyetid yo te souleve pa Pleyan yo epi rasanble enfòmasyon sou opinyon diferan moun ki gen enterè yo. Evalyasyon an te chèche detèmine tou si wi ou non Pati yo te vle pouswiv yon pwosesis rezolisyon dispit oswa kòmanse yon evalyasyon konfòmite pèfòmans anviwònman ak sosyal IFC (gade Anèks A).

Akòz restriksyon ki gen rapò ak COVID-19 sou vwayaj ak rasanbleman sosyal nan lane 2020, anplwaye CAO a ak konsiltan yo pa t' kapab pran aranjman pou yon vizit teren ak an pèsòn ak moun ki gen enterè ki enplike nan ka a. Sepandan, avèk konsantman toude Pati yo, CAO decide fè evalyasyon an atravè entènèt (plafòm vityèl) pou evite reta nan pwosesis la.

Evalyasyon CAO a te gen ladann yon revizyon dokiman pwojè yo, reyinyon vityèl ak echanj imel ak ekip pwojè IFC a, apèl nan telefòn ak echanj imel ak plizyè plenyan ak konseye legal

yo, epi reyinyon sou entènèt ak echanj imel ak CODEVI, ofisyèl ak Ministè Ekonomi ak Finans (MEF), ak Direksyon Zòn Franch (DZF) Gouvènman an Ayiti.

Nan mwa out 2020, Gouvènman Ayisyen an ak konseye legal plenyan yo te enfòmè CAO ke yo te antre nan yon negosyasyon dirèk pou distribisyon tè ranplasman nan yon zòn ki rele "Morne Casse". Sa a debouche sou yon Pwotokòl Akò nan dat 28 jiyè 2020, ki rekonèt dwa plenyan yo genyen sou tè sa a kòm kiltivatè leta yo. Pleyan yo te konfime ke yo te gen aksè a tè sa a ki se te 174 ekta selon apantaj ki fèt pou benefisyè PCS la yo, oswa yon sèl ekta pou chak fanmi, 38 ekta pou yon pwojè agrikòl kominotè, ak 20 ekta pou konseye legal plenyan yo.

Pandan faz evalyasyon an, CODEVI ak pleyan yo deside adrese pwoblèm eksepsyonèl ki te soulve nan plent lan atravè yon pwosesis règleman kont. Pati yo te dakò tou pou mande IFC ak prezans gouvènman Ayisyen an kòm obsèvatè nan pwosesis la. IFC ansanm ak Gouvènman ayisyen an te dakò pou yo patisipe kòm obsèvatè.

Nan mwa janvyè 2021, CAO te pibliye rapò evalyasyon li a, ki rezime pèspektiv chak pati ansanm ak rezilta evalyasyon yo.²

Pwosesis Règleman Kont

Preparasyon pou dyalòg ak devlopman kapasite

Nan kòmansman pwosesis règleman kont lan, Pleyan yo te mansyone ke yo konsidere Plan Konpansasyon Sosyal la (PKS) kòm yon baz enpòtan pou dyalòg la e yo te fè konnen yo pa te gen yon kopi PCS la, yo ta renmen resevwa youn. Ekip CAO a te demanm yo a rive jwenn Konpayi a ansanm ak IFC, ki te pataje yon vèsyon angle plan an nan mwa mas 2021. CAO te fè tradui vèsyon sa a an kreyòl ayisyen epi pataje l ak moun ki plenyan yo nan mwa avril 2021. Yon fwa yo fin pataje dokiman sa a, ekip CAO a te eksplore kijan pou yo kòmanse dyalòg la, paske anplwaye CAO yo te toujou pa t gen otorizasyon pou vwayaje. Evantyèlman, apre yo fin tcheke enplikasyon legal ak sekirite sa kapab genyen, CAO te achte aparèy mobil (plizyè tablèt) pou reprezantan pleyan yo nan mwa jiyè 2021 epi anplwaye sèvis yon konsiltan ki la pou bay reprezantan yo fòmasyon sou kòman pou yo sèvi ak teknoloji a (Jiyè - Novanm 2021).

Pou prepare pati yo pou pwosesis dyalòg la, CAO te òganize 3 sesyon sou entènèt pou devlope kapasite 12 Reprezantan plenyan yo nan mwa desanm 2021. Sesyon sa yo te gen ladan yo fòmasyon sou règleman kont, kominikasyon, wòl pati yo, konseye ak obsèvatè yo nan yon pwosesis dyalòg, ansanm ak etap ki nesèsè nan kad yon pwosesis tipik règleman kont CAO. Yon sesyon pou ranfòse kapasite menm jan an te fèt ak Konpayi an nan mwa fevriye 2022. Anplis de sa, CAO te òganize sesyon pou prepare ekip IFC a ak reprezantan gouvènman Ayisyen an pou patisipe nan dyalòg la kòm obsèvatè.

Pwosesis Dyalòg la

Apre premye sesyon fòmasyon kapasite yo, CAO te kòmanse travay nòmalman ak pati yo byen bonè nan 2022 sou dokiman règ debaz yo, ki ta sèvi kòm yon kad pou tabli pwosesis medyasyon an. Dokiman bouyon règ debaz la te detaye objektif ak dimansyon pwosesis medyasyon an (sa vle di, pwoblèm enpòtan yo dwe adrese); wòl medyatè CAO a, ak wòl

² [Rapò Evaliyasyon](#), CAO Janvyè 2021.

obsèvatè, reprezantan, ak konseye legal yo; ak prensip medyasyon yo, an patikilye sou pwoblèm konfidansyalite yo.

Yon fwa ke restriksyon sou vwayaj COVID-19 yo ak mezi sekirite yo te leve, CAO te rankontre fasafas ak pati yo nan mwa me 2022 pou kontinye travay sou dokiman règ debaz la, pou fasilite reyinyon preparasyon bilateral yo, ak konvoke premye reyinyon konjwen Pati yo. Pandan reyinyon sa a, chita pale a te konsantre sou tout atant Pati yo genyen pou pwosesis medyasyon an ak kontni dokiman règ debaz yo. Sepandan, Pati yo pa t' kapab dakò sou règ debaz yo pandan reyinyon an, ak yon pwon espesifik nan diskisyon se wòl ak patisipasyon konseye legal yo pandan pwosesis medyasyon an.³

CAO te kontinye travay avèk pati yo kòm sadwa pou fè sesyon bilateral yo pou brase lide sou domèn dezakò yo. CAO te fè diplomasi navèt atravè reyinyon bilateral ak echanj imel ak chak pati ant jen 2022 ak avril 2023 nan yon tantativ pou rekonsilye pozisyon Pati yo sou pwoblèm sa yo. Anvan nou kòmanse yon konvèsasyon sou pwoblèm enpòtan, CAO itilize tan sa a tou pou yo ranmase plis detay sou pèspektiv Pati yo ak obsèvatè yo konsènan dispozisyon ki nan PCS la ak aplikasyon li jouk nan dat sa a.

Pandan tan sa a, CODEVI te fè konnen yo te kontinye valorize opòtinite pou ta gen yon sesyon k ap ede pataje enfòmasyon ak plenyan yo sou aksyon yo te poze dapre PCS la. Sepandan, yo te repete ke yo te ranpli tout obligasyon yo anvè Pleyan yo, kidonk, yo pa t sou pale de okenn sipò yo ta dwe bay Pleyan yo anplis de sa yo te gentan bay deja. Espesyalman, CODEVI te fè konnen yo te peye Pleyan yo konpansasyon yo epi yo te bay Gouvènman Ayisyen an yon prè pou sila a kapab peye konpansasyon yo dwe plenyan yo dapre PCS la. Yo kontinye pou di, kòm Gouvènman an pa t bay pleyan yo tè pou konpayi an ta egzekite aktivite ki te dwe fè nan kad PCS la, olye de sa, yo te reyalize yon kantite pwogram pou benefisye tout kominote a, pa sèlman 174 fanmi yo. Dapre CODEVI, inisyativ sosyal yo gen ladan l pwogram sante pou manm kominote granmoun ak jèn yo, yon lekòl prive pou timoun, yon klinik sante pou travayè CODEVI ak ouvriye ki pa nan CODEVI, yon koperativ ki bay prè, yon sant fòmasyon teknik, ak lòt antrepriz sosyal. Aktivite responsablite sosyal ki benefisye tout kominote Wanament lan nètalkole. CODEVI te ajoute ke yo ta kontinye aplike inisyativ Responsablite Sosyal Kòporasyon yo pou benefisye tout kominote Wanament nan tan k ap vini yo.

Fèmti pwosesis règleman kont lan

CAO te enfòme Pleyan yo sou posiblite pou yo fè yon sesyon ak CODEVI ki ta limite a echanj enfòmasyon ak pèspektiv sou sa ki te fèt deja dapre PCS la. Nan dat 3 me 2023, Pleyan yo te soumèt yon lèt bay CAO ki di, apre yo fin konsilte tout manm yo, yo te deside yo pa te enterese nan patisipe nan yon dyalòg ki limite a diskite sou sa ki te pase nan tan lontan an epi ki pa ta bay opòtinite pou diskite sou posibilite pou yo ta jwenn yon sipò pou yo. Yo te deklare ke CODEVI pa t ranpli obligasyon yo selon sa ki te nan PCS la epi yo pa t kontan nonplis ak deklarasyon dwategòch CODEVI a pandan premye reyinyon konjwen an. Yo te ajoute ke yo te konprann CODEVI te endike deja ke yo pa t kapab mete an plas pwogram sosyal ak teknik ki dekri nan PCS a paske Gouvènman an pa te bay benefisyè PCS yo tè ranplasman an. Kounye a, kòm yo gen aksè a tè ranplasman nan *Morne Casse*, yo te espere CODEVI t ap mete pwogram sa yo an plas. Menmsi yo te konprann ke konpayi an te mete kanpe kèk pwogram pou tout kominote Wanament lan ka benefisye, yo te santi ke yo te nan yon pozisyon trè diferan pa rapò ak rès moun ki nan kominote a, se yo menm yo te deplase sou teren yo,

kidonk, yo gen dwa a yon lòt sipò espesifik. Yo pa t kache tou fristrasyon yo ak dezakò yo sou wòl ak patisipasyon konseye legal yo nan pwosesis la.

Etandone nati volontè pwosesis la, epitou pati yo paka mete yo dakò konsènan jan dyalòg la ap dewoule ansanm ak règ debaz yo, CAO konkli pwosesis règleman kont lan nan mwa me 2023.

DEFI, REFLEKSYON AK LESON YO APRANN

Ka sa a prezante plizyè defi, refleksyon ak opòtinite aprantisaj, ki dekri anba la a.

Reta akòz Restriksyon ki gen rapò ak COVID-19 ak sitiasyon sekirite frajil an Ayiti

Akòz COVID-19 la lòk tout moun, anplis de enstabilite politik la, vyolans tribò babò, ansanm ak nivo ensekirite ak frajilite san parèy ann Ayiti, ekip CAO a (ki konpoze de pwofesyonèl ki baze nan Etazini (DC) ak ki baze sou Ayiti) te sèlman kapab vwayaje yon fwa kote pwojè a te ye a. pou rankontre fasafas ak Pati yo. Pandan misyon sa a ki te fèt nan mwa me 2022, CAO pa t kapab ale Wanament pou rankontre Plenyan yo e pitou, li te oblije mande yo vwayaje Okap pou rankontre ak yo. Anplis de sa, sitiasyon sekirite a pa te pèmèt Konpayi an patisipe fasafas nan reyinyon konjwen an Okap, yo sèlman patisipe sou entènèt.

Enkapasite CAO pou fè reyinyon yo fasafas (ak yon sèl eksepsyon) te vin grav anpil jouk li febli pwosesis règleman kont lan epi sa pa t bay konfyans ant pati yo ak CAO jarèt, depi nan kòmansman an. Sa te fè li vin pi difisil pou dakò sou règ debaz yo, kreye solisyon pou pwoblèm ki souleve nan plent lan, epi planifye yon angajman efikas san kanpe. Entèaksyon pandan reyinyon fasafas yo ka te ede bouche twou vid ki genyen ki te koze pa mefyans ak sispisyon epi pèmèt plis pwogrè sou kèk pwoblèm espesifik tankou jan dyalòg la ap mennen bak li. An jeneral, entèaksyon fasafas ant Pati yo ta ede bati relasyon entèpèsyonèl, ki enpòtan anpil pandan yon pwosesis negosyasyon.

Enpòtans angajman pati yo nan Pwosesis la

Bati ak soutni yon dyalòg konstruktif ant yon gwoup Plenyan ak yon konpayi ki enplike nan yon konfli ki makònen e ki dire lontan se pa yon jwèt, se sèlman si toulède pati yo angaje yo tout bon vre nan pwosesis la w ap rive reyalize kichoy. Anplis de sa, reyisi kreye yon anviwònman konfyans enpòtan pou pwosesis la pote fwi. Pati yo gen yon wòl pou ede kreye yon anviwònman ki pi favorab pou dyalòg la, pa egzanp, lè yo evite aktivite ak konpòtman ki ka kontrarye lòt pati a.

Nan ka sa a, te gen sikonstans kote aksyon Pati yo andeyò reyinyon yo, oswa mo yo te itilize pandan reyinyon yo te kreye plis tansyon ak plis kontraryete pou Pati yo.

Ekip CAO a te chita pale ak Pati yo pou eksplòre posiblite pou fè konsesyon byen bonè, epitou pou ede Pati yo konsidere konsekans kèk aksyon ak konpòtman ka genyen sou pwosesis la. Malgre konvèsasyon ak efò sa yo, nivo konfyans yo te rete trè ba pandan tout pwosesis la epi yo pa t kenbe yon anviwònman ki favorab pou dyalòg la.

KONKLIZYON AK PWOCHÈN ETAP YO

Malgre jefò yo pou rezoud pwoblèm ki souleve nan plent lan atravè yon pwosesis règleman kont, Pati yo pa t 'kapab rive jwenn yon akò. Sou demann Pleyan yo e selon sa ki nan akò ak Règleman CAO a, ka a pral transfere bay Fonksyon Konfòmite CAO a. CAO pral fè yon evalyasyon konfòmite pou detèmine si yon ankèt sou pèfòmans anviwònman ak sosyal PCS la anrapò ak pwoblèm ki souleve nan plent lan merite fèt, oswa si yo dwe fèmen ka a.

Tout dokiman ki enpòtan nan ka sa a disponib sou paj entènèt CAO a ki se www.cao-ombudsman.org.

Gade Anèks A pou plis enfòmasyon sou pwosesis CAO a.

ANÈKS A. PWOSESIS POU JERE PLENT CAO

Yon fwa CAO deklare yon plent akseptab, gen yon evalyasyon inisyal espesyalis règleman kont CAO yo mete sou pye. Objektif evalyasyon CAO a se pou: (1) klarifye pwoblèm ak enkyetid pleyan yo souleve; (2) rasanble enfòmasyon sou fason lòt moun ki konsène yo wè sitiyasyon an; ak (3) ede pati ki konsène yo konprann opsyon ki disponib pou yo epi detèmine si yo ta renmen pouswiv ak solisyon an atravè Fonksyon Règleman Kont CAO a oswa si Fonksyon Konfòmite CAO a ta dwe revize ka a.

Menm jan politik IFC/MIGA tabli nan Mekanis Responsablite Endepandan (CAO),³ se tipikman etap sa yo ki swiv pou reponn ak yon plent yo resevwa:

- Etap 1: **Akize resepsyon (Prèv)** ou resevwa plent lan.
- Etap 2: **Elijiblite:** Detèmine si plent lan akseptab pou evalyasyon dapre manda CAO genyen (pa plis pase 15 jou ouvrab).
- Etap 3: **Evalyasyon:** Evalye pwoblèm yo epi bay moun ki pote plent yo sipò pou yo konprann epi detèmine si yo ta renmen pouswiv yon solisyon ak konsantman tout moun atravè yon pwosesis kolaborasyon kote se fonksyon règleman kont CAO a ki ap jere sa oswa si se fonksyon konfòmite CAO a ki ta dwe revize aspè anviwonmantal ak sosyal IFC/MIGA a pa rapò ak dosye a. Tan evalyasyon an ka pran jiska yon maksimòm de 90 jou ouvrab, ak posibilite pou ekstansyon pou yon maksimòm de 30 jou ouvrab adisyonèl, si apre peryòd 90 jou ouvrab yo: (1) Pati yo konfime ke rezolisyon plent lan gen anpil chans pou l pote fwi; oswa (2) swa youn nan Pati eksprime enterè yo pou ta regle kont lan, e ta gen posibilite pou lòt pati a dakò.
- Etap 4: **Fasilite aranjman:** Si Pati yo chwazi pouswiv pwosesis kolaborasyon an pito, Fonksyon Règleman Kont CAO a ap aktive. Pwosesis règleman kont lan tipikman chita sou, oswa kòmanse ak yon pwotokòl akò epi/oubyen swa ak règ debaz toulède pati yo dakò ak yo a. Li ka gen ladan l fasilite/medyasyon, met ansanm rezilta, oswa lòt apwòch ki mennen nan yon akò regleman oswa lòt objektif yo mityèlman dakò ak objektif ki apwopriye yo. Objektif prensipal kalite apwòch pou rezoud pwoblèm sa yo pral adrese pwoblèm ki souleve nan plent lan, ak nenpòt lòt pwoblèm enpòtan ki gen rapò ak plent la ki te idantifye pandan evalyasyon an, oswa pandan pwosesis règleman kont lan, yon fason ki akseptab pou Pati ki afekte yo.⁴

³ Espesyalman, CODEVI te eksprime volonte yo pou yo angaje yo dirèkteman ak reprezantan Pleyan yo pandan reyinyon konjwen yo, san konseye legal Pleyan yo pa la. Nan plizyè okazyon pandan pwosesis la, CODEVI te manifeste fristrasyon yo sou apwòch ak aksyon konseye legal Pleyan yo, ke yo te santi yo pa t ap favorize yon dyalòg restriktif.

⁴ Pou plis detay sou wòl ak travay CAO, tanpri al gade nan tout Politik IFC/MIGA sou Mekanis responsablite Endepandan (CAO) : <https://documents1.worldbank.org/curated/en/889191625065397617/pdf/IFC-MIGA-Independent-Accountability-Mechanism-CAO-Policy.pdf>

⁵ Lè moun ki konsène yo pa kapab rezoud pwoblèm yo atravè yon pwosesis kolaborasyon nan yon delè yo dakò ak li, premye bagay pwosesis règleman kont CAO a pral fè se chache ede moun ki konsène yo soti nan enpas la (yo). Si sa pa posib, ekip Règleman Kont lan pral enfòme moun ki konsène yo, ki gen ladan l anplwaye IFC/MIGA, Prezidan an ak Komisyon Konsèy Gwoup Bank Mondyal la, ak piblik la, ke Ekip règleman Kont CAO amete fen ak pwosesis rezolisyon konfli a epi transfere dosye a bay ekip Konfòmite CAO a pou evalyasyon.

Oubyen

Evalyasyon Konfòmite/Ankèt: Si Pati yo chwazi pou patisipe nan yon pwosesis investigasyon, lè sa a plent lan ap transfere a fonksyon konfòmite CAO a. Yo transfere plent la yo tou bay Fonksyon Konfòmite a lè yon pwosesis règleman kont la lakòz yon akò pasyèl oswa lè pa gen okenn akò. Pou pi piti yon moun ki pote plent dwe bay konsantman eksplisit pou transfè a sof si CAO okouran menas ak reprezay. Fonksyon Konfòmite CAO a revize konfòmite IFC/MIGA a ak politik anviwònman ak sosyal, evalye domaj ki gen rapò ak sa, epi rekòmande aksyon ratrapaj lè sa nesèsè, se yon pwosesis ki fèt nan twa etap. Premyèman, yon evalyasyon konfòmite la pou l detèmine si gen plis investigasyon ki dwe fèt. Evalyasyon an ka pran jiska 45 jou ouvrab, ak posiblite pou pwolonje 20 jou ouvrab nan sikonstans eksepsyonèl. Dezyèmman, si yo detèmine investigasyon an gen plas li la a, gen yon ankèt apwofondi kap vin apre evalyasyon konfòmite a sou pèfòmans IFC/MIGA. Y ap fè yon rapò ankèt piblik, ansanm ak repons IFC/MIGA ak yon plan aksyon pou korije konklizyon ki pa konfòm yo ak domaj ki gen rapò ak sa yo. Twazyèmman, nan ka kote yo jwenn non-konfòmite ak domaj ki gen rapò ak sa, CAO pral founi je gade kijan aksyon ki pral poze yo pral pote fwi.

Step 5: **Evaliyasyon ak Swivi**

Step 6: **Konklizyon/Fèmti ka a**